



4425 N. MARKET STREET, 3<sup>RD</sup> FLOOR  
WILMINGTON, DE 19802

252 CHAPMAN ROAD  
CHRISTIANA BUILDING, SUITE 210  
NEWARK, DE 19702

STATE OF DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR  
DIVISION OF INDUSTRIAL AFFAIRS  
OFFICE OF ANTI-DISCRIMINATION  
(302) 761-8200  
DOL\_ANTIDISCRIMINATION@DELAWARE.GOV

BLUE HEN CORPORATE CENTER  
655 BAY ROAD, SUITE 2H  
DOVER, DE 19901

8 GEORGETOWN PLAZA, SUITE 2  
GEORGETOWN, DE 19947

# AVI SOU ASÈLMAN SEKSYÈL NAN DELAWARE

## LWA SOU DISKRIMINASYON NAN TRAVAY NAN DELAWARE

Lwa sou Diskriminasyon nan Travay nan Delaware pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan espas travay la ki baze sou sèks. Asèlman seksyèl se yon fòm diskriminasyon ki baze sou sèks. Yon nouvo lwa kont asèlman seksyèl te pwomilge an 2018 pou etann pwoteksyon a pou l kouvri tout moun, nan tout espas travay, tankou anplwaye yo, kandida, apranti, travayè ajans rekritman yo, travayè endepandan, ofisyèl eli yo ak anplwaye yo, travayè agrikòl, travayè domestik, ak estajyè ki pap touche yo.

## ASÈLMAN SEKSYÈL AK LALWA

Asèlman seksyèl sou yon anplwaye ilegal lè anplwaye a sibi konduit ki gen ladann avans seksyèl endezirab, demann favè seksyèl, ak lòt konduit vèbal oswa fizik ki gen yon nati seksyèl lè: (1) soumisyon a konduit sa yo se klèman oswa tasitman yon tèm oswa kondisyon travay yon anplwaye; (2) soumisyon oswa refi konduit sa yo itilize kòm baz pou pran desizyon nan travay la nan yon fason ki afekte yon anplwaye; oswa (3) konduit sa a gen objektif oswa efè entèfere san rezon ak pèfòmans travay yon anplwaye oswa kreye yon anviwònman travay entimidasyon, ostil, oswa ofansif.

## EGZANP ASÈLMAN SEKSYÈL

- Atouchman ki endezirab oswa ki pa apwopriye
- menas oswa fè de aksyon ki negatif apre yon moun refize yon avans seksyèl
- fè move kòmantè oswa remak seksyèl sou aparans yon moun, kò, oswa fason yon moun abiye.
- pwomosyon oswa lòt opòtinite ki kondisyonè a favè seksyèl
- afiche imaj pònografik, desen, oswa grafiti sou òdinatè, imèl, telefòn selilè, tablo afichaj, elatriye.
- fè remak sèksis oswa kòmantè denigran ki baze sou sèks. based on gender.

## REVANJ ENTÈDI DAPRE LALWA

Se yon vyolasyon lalwa pou yon anplwaye pran aksyon kont ou paske w opoze oswa pale kont asèlman seksyèl nan espas travay la. Lwa sou Diskriminasyon nan Travay nan Delaware entèdi patwon yo vanje oswa fè diskriminasyon kont nenpòt moun paske moun sa a te opoze ak yon pratik diskriminatwa ilegal. Vanjans ka rive atravè aksyon dirèk, tankou demosyon oswa revokasyon, oswa konpòtman ki pi sibtil, tankou yon ogmantasyon chaj travay oswa transfè yon kote ki mwens dezirab. Lwa sou Diskriminasyon nan Travay nan Delaware pwoteje moun kont vanjans ki de bòn fwa te kwè ke konduit patwon yo ilegal, menmsi li parèt ke yo te fè erè.

## RAPÒTE ASÈLMAN SEKSYÈL

Si w te temwen oswa te viv eksperyans asèlman seksyèl, enfòmè yon manadjè, ofisyè opòtinite pou travay egal nan espas travay ou a, oswa resous imen pi vit posib.

Rapòte asèlman seksyèl bay Biwo Anti-Diskriminasyon Depatman Travay Delaware. Rele 302-761-8200 oswa vizite <https://dia.delawareworks.com/discrimination/> pou w aprann kijan pou pote yon plent oswa rapòte diskriminasyon. Biwo Anti-Diskriminasyon an se yon Tyès pèsòn net epi li pral fasilite yon medyasyon volontè ak/ oswa konsilyasyon, ki ka ede w kolekte salè ke w pèdi ak lòt domaj.

Eskane kòd QR sa a pou jwenn plis enfòmasyon.

